



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK MTA ANONSE AMELYORASYON SÈVIS SOU PLIZYÈ WOUT BIS LOKAL YO APATI 29 JEN

Ogmantasyon sèvis sou 14 wout otobis lokal ki gen anpil pasaje nan Staten Island, Brooklyn, Queens, ak Bronx la

Amelyorasyon sèvis yo vini anplis ogmantasyon sou uit wout otobis ekspres enpòtan yo nan mwa mas la

Gouvènè Kathy Hochul ak Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) te anonse jodi a ke sèvis otobis la pral ogmante sou 14 wout lokal atravè Brooklyn, Queens, Bronx ak Staten Island apati dimanch 29 jen an. Sa a se anplis sèvis otobis ekspres amelyore sou uit liy ki te antre anvigè nan debi prentan sa a ak youn ki te antre an vigè an janvyè. Amelyorasyon sèvis la pral diminye tan vwayaj yo, diminye vwayaj yo epi redwi tan datant nan estasyon otobis yo. Amelyorasyon frekans yo te vize peryòd pik yo lè otobis yo pi ranpli. Ogmantasyon sèvis la ap diminye tan datant lan jiska de minit edmi sou kèk wout.

Moun ki moute otobis nan Queens yo pral wè benefis anplis Faz En nan renovasyon Rezo Otobis Queens lan ki pral lanse tou dimanch.

"Chak moun Nouyòkè merite yon transpò piblik rapid, fyab, epi aksesib, epi amelyorasyon sa yo pral fè egzakteman sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Otobis yo deja ap deplase pi vit gras a tarif konjesyon yo, e kounye a n ap investi nan plis sèvis toujou, pou bay Nouyòkè k ap travay di yo tan an retou pou kenbe vil nou an an mouvman. Soti Co-Op City rive Staten Island, n ap bati yon sistèm transpò ki satisfè bezwen tout Nouyòkè yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Ogmantasyon sèvis otobis sou kèk nan wout ki pi okipe nan vil la se yon evidans. Dènye amelyorasyon sa yo, ansanm ak tout nouvo konsepsyon rezo otobis nou pral fè chak awondisman, ap chanje sityasyon an pou plis pase yon milyon Nouyòkè ki vwayaje avèk nou chak jou."

Prezidan Transpò an Komen Vil NY la, Demetrius Crichlow te deklare, "Avèk kantite pasaje otobis k ap ogmante regilyèman akòz kòmansman soulajman konjesyon an, amelyorasyon sèvis sou 14 wout lokal yo ap fè li pi fasil pou Nouyòkè yo gen sèvis

otobis rapid, souvan e fyab chak fwa yo bezwen li. Wout sa yo se yon liy sovtaj vital pou anpil moun ki pa rete toupre estasyon metwo yo."

Gouvènè Hochul te pwopoze an novanm 2024 an koneksyon avèk lansman pri anbouteyaj la, amelyorasyon sèvis yo se youn nan plizyè fason moun ki gen enterè yo ap travay pou bay pasaje yo pi bon altènativ pou kondwi. Sa ki anba la a se yon lis wout otobis lokal ki pral benefisye sèvis amelyore. Liy sa yo gen anpil pasaje epi, gras a siksè soulajman anbouteyaj, li pèmèt pasaje yo gen aksè elaji ak sèvis transpò rapid, ki an sekirite, ki fyab — espesyalman nan zòn ki pa defavorize pa sistèm tren an.

Bronx:

- **Bx10** (Riverdale-Norwood)
- **Bx17** (Port Morris-Fordham Plaza)
- **Bx23** (Co-op City-Pelham Bay Park Station)
- **Bx28/Bx38** (Co-op City-Fordham Center)

Brooklyn:

- **B17** (Crown Heights-Canarsie)
- **B26** (Fulton St-Ridgewood)
- **B74** (Sea Gate-Stillwell Avenue Station)
- **B103** (Canarsie-Downtown Brooklyn)

Queens:

- **Q13** (Flushing-Ft. Totten)
- **Q28** (Bayside-Flushing)
- **Q35** (Rockaway Park-Midwood)
- **Q66** (Flushing-Long Island City)
- **Q69** (Long Island City-Astoria)

Staten Island:

- **S79 SBS** (Staten Island Mall-Bay Ridge)

Sa ki anba la a se yon lis wout otobis ekspres nan Bronx, Brooklyn, Queens ak Staten Island ki deja aplike sèvis elaji:

- **BM2** (Canarsie-Avenue H-Midtown/Downtown)
- **BM5** (Spring Creek-Linden Blvd-Woodhaven Blvd-Midtown)
- **X27** (Bay Ridge-Midtown/Downtown)
- **QM15** (Lindenwood-Cross Bay Blvd-Woodhaven Blvd-Midtown)
- **SIM1C** (Eltingville-Hylan Blvd-Midtown/Downtown)

- **SIM4C** (Huguenot-Richmond Av-Midtown/Downtown)
- **SIM23** (Annadale-Arden Av-Midtown)
- **SIM24** (Prince's Bay-Huguenot Av-Midtown)

Ogmantasyon sèvis la ap finanse ak 8 milyon dola nan Kont Transpò Minisipalite Eksteryè yo, ki te etabli pa Lejislati Eta Nouyòk la an 2018 pou amelyore sèvis transpò deyò Manhattan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)